

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu judul skripsi téh nya éta “Gaya Basa jeung Ajén Kaagamaan dina Kumpulan Carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri pikeun bahan Pangajaran Maca Carpon di SMP kelas VIII (Ulikan Struktural)”. Aya sababaraha hal anu dipedar dina ieu panalungtikan nya éta: 1) struktur carita unggal carpon dumasar kana fakta carita saperti téma, panokohan, galur, jeung analisis hubungan antar unsur dina carita 2) Gaya basa anu nyampak dina unggal carpon 3) Ajén kaagamaan dumasar kana ciri-ciri ajén kaagamaan nya éta: ajén kaagamaan anu patalina jeung hubungan hadé ka Allah jeung ka jelema, hubungan hadé ka Allah tapi goréng ka jelema, jeung hubungan goréng ka Allah tapi hadé ka jelema 4) Larapan hasil bahan pangajaran dumasar kana kritéria pangajaran. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitik kalayan téknik studi pustaka jeung téhnik analisis data. Dina prosés panalungtikan kapanggih sababaraha hal, nya éta struktur carita, gaya basa, jeung ajén kaagamaan dina buku kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri sarta dipaké pikeun bahan pangajaran maca carpon di SMP.

Struktur carita carpon dina kumpulan carpon *Ki Merebot* kawangun ku téma, galur, tokoh, panokohan, jeung latar. **Téma:** tina opat carpon nu ditalungtik, sakabéhna miboga téma spiritual. Téma spiritual nyangkaruk dina carpon *Lebaran Poé Jumaah, Abah Mandor, Kiai Modin*, jeung *Ki Merebot*. **Galur:** galur anu digunakeun nya éta galur mérélé ti mimiti carpon *Lebaran Poé Jumaah, Abah Mandor, Kiai Modin*, jeung *Ki Merebot*. **Tokoh jeung Panokohan:** dina ieu kumpulan carpon katitén aya 48 tokoh, 4 tokoh salaku tokoh utama jeung 44 tokoh salaku tokoh tambahan boh anu ngalakonan carita boh anu kacaritakeun ku tokohna atawa kacaritakeun ngan saliwat. Dina unggal carpon rata-rata kacaritakeun aya sababaraha tokoh anu miboga pangkat atawa kalungguhan nu miboga wibawa, bisa jadi pemuka agama saperti tokoh Ajengan Anom dina carpon *Abah Mandor*, Juragan Naib jeung Juragan Panghulu Kabupatén dina carpon *Ki Merebot*. Watek

**Donny Gandara Irawan, 2016**

**GAYA BASA JEUNG AJÉN KAAGAMAAN DINA KUMPULAN CARPON *KI MEREBOT* KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMP KELAS VIII**  
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tokoh anu kagambar dina unggal carpon kapanggih ku cara niténan karakter jeung kalakuan dina carita kahirupanana. **Latar:** latar anu kapanggih dina unggal carpon anu geus dianalisis boh latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial tangtuna disaluyukeun jeung téma tur galur dina unggal caritana. Latar tempat general dina unggal carpon rata-rata aya di pilemburan, tapi aya ogé carpon anu latar tempat na lain di tatar Sunda nya éta di Mekah, sadengkeun latar farsialna béda-béda. Latar waktu anu aya dina unggal carpon ogé aya nu nuduhkeun latar waktu anu tangtu (absolut) aya ogé anu nuduhkeun latar waktu anu teu tangtu (parsial). Latar sosial dina unggal carpon lolobana nuduhkeun békédaan antara kalangan handap jeung kalangan luhur tur aya ogé anu nuduhkeun kumaha kaayaan pejabat pamaréntah dina jaman saperti dina carpon *Ki Merebot*. Dina ieu panalungtika ogé dipedar hubungan antar unsur dina carita. Hubungan antar unsur anu dipedar dina unggal carponna nya éta hubungan: (1) téma jeung galur, (2) téma jeung tokoh tur penokohan, (3) téma jeung latar, (4) galur jeung tokoh tur penokohan, (5) galur jeung latar, sarta (6) tokoh tur penokohan jeung latar. Tina runtusan anu panjang tur analitis, bisa dicindekeun yén hubungan antar unsur dina unggal carita téh mangrupa hubungan anu kausalitas (hubungan sebab akibat), sarta hubungan antar unsurna kacida raket patalina. Sakabéh carpon dina buku kumpulan carpon *Ki Merebot* mangrupa carpon anu medar sakabéh aspék kahirupan anu universal luyu jeung kaayaan jaman. **Amanat:** amanat anu nyangkaruk dina carpon *Lebaran Poé Jumaah* nya éta urang kudu leuwih diajar deui neuleuman paélmuan kaagamaan, ambéh teu jiga tokoh nu aya dina carita saperti si Arjangi, Adtari, jeung Si Adma nu teu nyaho pisan kana bag-bagan agama jeung leuwih percaya ka nu hal anu sipatna klenik. Amanat anu nyangkaruk dina carpon *Abah Mandor* nya éta kudu ngajaga amanah ti kolot jeung boga rasa tanggung jawab, dina nyanghareupan masalah ulah diheulakeun kaambeuk nepikeun ka gelut, tapi ngaliwatan musyawarah mufakat. Ogé bisa silih hargaan ka unggal jelema, ulah asa pangbenerna sangkan ngajaga hubungan dina kahirupan. Amanat anu aya dina carpon *Kiai Modin* nya éta kudu diajar neuleuman élmu agama sangkan jembar pangaweruh jiga tokoh Kiai Modin jeung ulah ngukut sipat borongan nu bisa nyilakakeun kana diri sorangan. Amanat dina carpon *Ki Merebot* nya éta kudu leuwih diajar neuleuman paélmuan kaagamaan, kudu tatanya ka nu ahlina, ambéh

**Donny Gandara Irawan, 2016**

**GAYA BASA JEUNG AJÉN KAAGAMAAN DINA KUMPULAN CARPON KI MEREBOT KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMP KELAS VIII**  
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

teu siga tokoh nu aya dina carita saperti Ki Sanhuri, teu nyaho pisan kana bag-bagan agama jeung leuwih percaya kana omongan Ki Merebot anu can puguh benerna. Tina carpon ieu ogé urang kudu bisa nyokot hal-hal anu hadé tina tokoh Juragan Naib nu engkéna bisa di aplikasikeun kana kahirupan sapopé.

Gaya basa anu nyangkaruk dina buku kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri tina 11 gaya basa nu geus ditalungtik ngan aya 5 gaya basa. Dina carpon “Lebaran Poé Jumaah” (Kode A) gaya basa ngupamakeun anu aya ngan 3 conto, carpon “Abah Mandor” (Kode B) gaya basa ngupamakeun aya 6 conto, carpon “Kiai Modin” (Kode C) anu kapanggih ngeunaan gaya basa ngupamakeun aya 3 conto, carpon “Ki Merebot” (Kode D) gaya basa ngupamakeun aya 6 conto. Carpon “Lebaran Poé Jumaah” gaya basa lalandian anu kapanggih aya 4 conto, carpon “Abah Mandor” gaya basa lalandian anu aya ngan 5 conto, carpon “Kiai Modin” anu kapanggih ngeunaan gaya basa lalandian aya 2 conto, carpon “Ki Merebot” gaya basa lalandian anu aya ngan 6 conto. Gaya basa mijalma anu kapanggih ngan aya dina carpon “Abah Mandor” nya éta 2 conto, jeung dina carpon “Ki Merebot” sarua ngan aya 2 contoh. Satuluyna gaya basa ngasor anu kapanggih dina buku kumpulan carpon *Ki Merebot* ngan aya dina carpon “Lebaran Poé Jumaah” nya éta 2 conto. Kitu deui gaya basa rautan anu kapanggih ngan ukur dina carpon “Abah Mandor” nya éta 1 conto.

Ajén kaagamaan anu nyangkaruk dina buku kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri ditalungtik ku cara niténan tina sikep, paripolah, jeung kekecapan atawa omongan tokoh anu aya dina unggal carpon. Katitén aya 6 ajén kaagamaan anu nyangkaruk tina opat carpon. Ajén kaagamaan ieu aya anu indikatorna positif dina hartian kaasup kana ajén nu hadé, aya ogé anu indikatorna negatif atawa kaasup kana ajén kaagamaan anu goréng. Ajén kaagamaan anu indikatorna positif aya 4, sadengkeun ajén kaagamaan nu indikatorna negatif aya 2. Katitén tina 6 ajén kaagamaan éta kabéhanana ngandung ajén anu hubungana jeung Gusti Alloh. Dina kumpulan carpon ieu kapanggih yén ajén kaagamaan nu hadé leuwih loba dibandingkeun jeung ajén kaagamaan anu goréng tapi duanana miboga fungsi pikeun dijadikeun eunteung dina kahirupan sapopoé.

Dumasar kana kritéria pamilihan bahan pangajaran, bisa dicindekeun aya dua carpon anu bisa dipaké pikeun bahan pangajaran kusabab luyu jeung kritéria bahan

**Donny Gandara Irawan, 2016**

**GAYA BASA JEUNG AJÉN KAAGAMAAN DINA KUMPULAN CARPON KI MEREBOT KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMP KELAS VIII**  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pangajaran nya éta carpon “Kiai Modin” jeung “Ki Merebot”, sadengkeun dua carpon deui nya éta “Lebaran Poé Jumaah” jeung “Abah Mandor” teu bisa dipaké dina bahan pangajaran lantaran teu luyu jeung kriteria bahan pangajaran hususna tina segi basa anu teu luyu jeung faktor psikologi siswa SMP kelas VIII, tapi ngan ukur bisa dijadikeun bahan pikeun nambahan pangaweruh ka nu maca.

## **5.2 Rékoméndasi**

Sawatara rékoméndasi atawa saran ditujukeun pikeun pihak-pihak anu patali jeung ieu panalungtikan nya éta: 1) pikeun panalungtikan satuluyna 2) guru, jeung 3) masarakat. Panalungtikan satuluyna dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa jadi hiji tatapakan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar. Guru salaku fasilitator di sakola dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa ngarojong pikeun pangajaran, lantaran dina ieu panalungtikan geus disusun soal jeung matéri pangajaran. Salian ti kitu, masarakat pamaca dipiharep bisa terus ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan hal dina pamahaman karya sastra saperti loba maca ngeunaan karya sastra, kajian sastra atawa kritik sastra. Salian ti éta, gaya basa dina ieu panalungtikan ogé dipiharep sangkan nambahan pangaweruh dina widang basa katut ajén kaagamaan anu dipiharep bisa dijadikeun conto atawa eunteung dina kahirupan sapopoé.

